दिन–शनिवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–08.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

आइ अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस अछि। महिला लोकनिक सामाजिक, आर्थिक, सांस्कृतिक आ राजनीतिक उपलब्धि सभ के रेखांकित करबाक लेल प्रत्येक वर्ष आठ मार्च कऽ ई दिवस मनाओल जाइत अछि। ई दिवस महिला सभक लेल समानताक अधिकार के गति देबाक सेहो आह्वान करैत अछि। एहि वर्ष अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवसक थीम अछि "तेजी से कार्रवाई करें" राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार महिला दिवसक शुभाकामना देलनि अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवस महिला सभक योगदान के सम्मान देबा आ स्त्री–पुरूष समानता के बढ़ावा देबाक अवसर अछि। श्रीमती मुर्मू नव दिल्ली मे अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवसक उपलक्ष्य मे नारी शक्ति सँ विकसित भारत विषय पर आयोजित सम्मेलन के सम्बोधित कऽ रहल छलीह। ओ कहलनि जे स्वावलंबी, स्वाभिमानी, स्वतंत्र आ सशक्त नारीक बल पर विकसित भारतक निर्माण भऽ सकैत अछि। श्रीमती मुर्मू कन्या सभ के आगां बढबाक लेल नीक वातावरण देबाक आवश्यकता पर बल देलनि। समारोह के महिला आ विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी सेहो सम्बोधित कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे हुनक सरकार महिला सभक सशक्तिकरणक लेल समर्पित अछि। अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवसक अवसर पर गुजरातक नवसारी मे आयोजित एक

कार्यक्रम मे ओ महिला सभक जीवन के उत्तम बनेबाक लेल उठाओल गेल महत्वपूर्ण डेग सभ पर प्रकाश देलनि।

————————————————————

अंतर्राष्ट्रीय महिला दिवसक अवसर पर प्रदेशभरि मे महिला लोकनिक सम्मान मे कतेको कार्यक्रम आयोजित भेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे महिला पुलिस अधिकारी आ कर्मी सभक द्वारा संचालित चारि मॉडल ट्रैफिक पोस्टक प्रारम्भ कयलनि। एम्हर, समस्तीपुर रेल मंडल आइ एक अनूठा पहल करैत आइ ट्रेनक परिचालनक, सुरक्षा आ टिकट चेकिंग अभियान पूरा तरहें महिला कर्मी सभ के हाथ मे सौंपि देलनि अछि। बिहार राज्य महिला लोकनिक आ विकास निगमक दिस सँ राज्यक सभ जिला मुख्यालय मे दू सय तीन सशक्त महिला लोकनि के सम्मानित कयल गेल। ई महिला सभ भिन्न–भिन्न क्षेत्र मे राज्यक नाम रौशन कयलनि अछि।

————————————————————

पटना उच्च न्यायालय मे आइ तीन नव न्यायाधीश पद के सपत लेलनि। कार्यकारी मुख्य न्यायाधीश आशुतोष कुमार, आलोक कुमार सिन्हा, सौरेन्द्र पांडेय आ सोनी श्रीवास्तव कें सपत दिऔलनि। हिनक सभक नियुक्ति अधिवक्ता कोटा सँ कयल गेल अछि।

————————————————————

पटना उच्च न्यायालय सहित राज्यक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। लोक अदालत मे आपसी सहमतिक आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु प्रकारक फौजदारी मामिलाक निबटारा कयल गेल।

————————————————————

गयाक अधिकारी प्रशिक्षण अकादमी मे आइ पासिंग आउट परेडक आयोजन कयल गेल। एहि पासिंग आउट परेडक बाद देशक एक सय एकसठि कैडेट कमीशन प्राप्त कयलनि।

——————————————————————

मेतिहारीक गाँधी मैदान मे शौर्य वेदनम उत्सवक आइ अंतिम दिन सेनाक जवान सभ हैरतअंगेज प्रदर्शन कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। अपन सम्बोधन मे श्री चौधरी सेनाक आधुनिकीकरण आ सेना के भेटयवला सुविधा सभ पर विस्तार सँ बात रखलनि। ओ कहलनि जे भारतीय सेना अपन शौर्य आ पराक्रमक लेल जानल जाइत अछि। श्री चौधरी उम्मीद जतौलनि जे ई आयोजन युवा सभ के सेनाक प्रति आकर्षित करबा मे मददगार होयत।

——————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजगीरक जयप्रकाश उद्यान मे सम्राट जरासंध स्मारक के लोकार्पण कयलनि। संगहि श्री कुमार राजगीर जू सफारीक नवनिर्मित एवियरीक सेहो शुभारम्भ कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह।

——————————————————————

समाप्त भेल।